

oswa asèlman?

Entimidasyon an ka fèt sou plizyè fòm, tankou:

- f* Vyolans fizik
 - o Lè yon moun frape oswa pouse yon lòt
- f* Fawouch vèbal
 - o Lè yon moun ap takinen yon lòt, ba li non oswa fè blag ki blesan sou li
- f* Esklizyon sosyal
 - o Lè yo eskli elèv yo oswa izole yo
- f* Asèlman alekri
 - o Grafiti, desen, kòmantè oswa foto
 - o Tèks, Imèl oswa lòt rezo sosyal

Kijan pou m konnen si pitit mwen an ap sibi entimidasyon oswa asèlman?

Gen kèk timoun ki pa pataje ka entimidasyon yo avèk adilt. Siy kiendike pitit ou a ap sibi asèlman yo ka gen ladan yo:

- f* Chanjman nan konpòtman l
- f* Blesi, mak oswa grafonyen sou kò l
- f* Li gen zafè ki pèdi oswa kraze
- f* L ap plenyen tèt fè mal oswa lestomak fè mal
- f* Li gen difikilte pou l dòmi
- f* Nòt li fèb oswa li vin pa tèlman entèse ak lekòl
- f* Li fè kòm si l malad oswa l ap evite lekòl

Li enpòtan pou sonje ke tout timoun reyaji diferan fasa

Kisa ki rekòmande pou lekòl mwen an fè?

Lekòl ou a dwe gen tout mezi ak règleman anplas pou pwoteje elèv yo kont entimidasyon ak asèlman. Tout anplwaye pran fòmasyon sou kijan pou yo rekonèt ak reyaji anfas zak diskriminasyon ak asèlman.

Anplisde pwogram akademik ofisyèl yo ak Kòd Konduit k ap gide entèraksyon elèv yo, li rekòmande pou lekòl ou a gen yon kowòdonatè DASA ki pou responsab pou sipèvize envestigasyon distri a sou ensidan an, epitou prezante dokiman pou montre ke sa te fèt.

Li rekòmande pou direktè oswa reprezantan kanpous la reponn nan de (2) jou, tousuit yo rapòte yon ensidan.